ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЕ ХАБЗЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№195 (21.353) ● 2008 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 7, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и хьэщІэхэр

Шемякин-Къардэн Михаил и выставкэм къриХьэлІащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен.
Сурэтыр ***НАМИЙ Руслан*** *трихащ.*

Шемякиным и махуитІ

Фыз зрыщыгъуэзащи, ди республикэм махуэ зыбжанэкІэ щыхьэщІащ дунейпсом щыщІэрыІуэ график икІи скульптор, УФ-м и Къэрал саугъэтым и лауреат. КъБР-м и щыхуабэ сурэтыщІ, гъуэгуанэкІэ Европэм и академик Шемякин-Къардэн Михаил. Программэ убгъуа нІэу адэжь лъахэм къэкІуэжа сурэтыщІыр янэ махуэм щегъэжьауэ щыхуэ куэдым яІущащ. КъБР-м и Правительствэм и Унэм ар щыхуэзащ Президент Къанокъуэ Арсен, нэнхабзэмрэ гъуэгуанэмрэ я лэжьакІуэхэми, журналистхэми, студентхэми ерсеГъыІащ. Апхуэдэу гуапэу ар ирагъэблэгъажащ Къардэнхэ я дзыпкъ хасэм кьыдэрригъэпэщащ пшыхьым.

ЗИ ЭЗМАНЫР сыхьэт зырызу зыпэбжа сурэтыщІыщхуэр и Іуэху псомиз кьыдигъэкІыу КъэбэрдеиІ-БалъкъэрыМ щхьэкІуэным щхьэусыгъуэу хуэхъуар мы махуэхэм абы и Іэдакъэщэкіхэмкіэ гъэтхэгъуэныгъэ убгъуа (зытелажьэ унэтІыныгъэ псори кьызэщІиубыдзэу) Владикавказ къыззрыщІэзыІуахарц. Абы къыщынэмыщІауэ апхуэдэ зекІуэр кьыхэкІащ Шемякиным и идэйрей хэщІапІэр: здэщыІэ Франджым тхьэмахуэ зыгъэ и пэкІэ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен зэрыщыІам, сурэтыщІым къищэхужа пасэрей франджы чэщанэ-быдапІитІыр абы зэрызригъэлъэгъуам. Мыбдеж къыхэгъэщІыпхъэщ, чэщанэхэм я зым Шемякин и унагъуэр зэрыщыпсэур, и пэщапІэр абы зэрыхэтыр, ЕтІуанэм хуиморадкэр лэжьыгъэ Іуэхукіэ Париж щыІа Къанокъуэ Арсен щыхуиІуатэм, ар диныгьыну кьыгъэгугъащ. Щыпсэ ин зыубыд пасэрей быдапІэр зэгъэпэщыжыным пыщІа лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и дэІэпыкъуэгъуэкІэ кьыззэфІэкІмэ, Шемякин-Къардэн Михаил хуейщ абдеж ди лъэпкъэгъу сурэтыщІхэм я Іэдакъэщэкіхэр зэпымыІууэ щагъэльагъуэ музеишхэу къыщызэІуихыну, апхуэдэ щыкІэкІэ ди лъэпкъ гъуэзджэр европеЙ утыку иришэну. Щэч хэмыІну абы мыткъушхуэ текІуэдэнущ, ауэ ар хуэдэуи узыфІэмыкІыжьи лъапІэныгъэхэри Іуэхум кьыдэкІуэнущ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, а чэщанэ-быдапІэр музей къудейуэ щымы-ту, ди республикэм Франджым щІІэ и щыпІэ хэха хъунущ. Абдеж апхуэдэу щагъэльэгъуэнущ Кавказ Ищхьэрэм щыІэ сурэтыщІхэм, графикхэм, скульпторхэм я Іэдакъэщэкіхэр, сурэтыщІ гъуэзджэм хуеджа щІалэгъуалэм я Іэщіагъэм щыхагъэхъуэныи Іэмал яІэнущ.

Шемякин-Къардэн Михаил Налшык щриГъэкІуэкІа зэІуцІэхэм ящыщ зыІуэ жэпуэгъуэм и 4-м Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм щызэхэтащ **Петряков Александр** и Шемякин Михаил, Зазерка-ле Мастера- тхылъым и «лъэтеуэр». Библиотекэм и тхылъ еджапІэ пэщыщхуэм кьыщызэхуэса щІэджыкІакІуэхэмрэ библиотекэм лэжьакІуэхэмрэ Іэмал яІащ Шемякин Михаилрэ абы и щхьэгъусэ де Кей Сарэрэ зрагъэщІыхуну, епсэлъыпІэну, сурэтыщІ щІэрыІуэм и гъащІэмрэ и творчествэмрэ теухуауэ зыгъэпІейтей ущІэхэм я жэуап зыІэрагъэхъэну.

(КІэухыр 4-нэ нап.)

УнэтІыныгъэщІэхэр яубзыху

● Дыгъуасэ

Бэрбэч Хьэтлутім и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым мы дзэхэм щокІуэкІ «Иджырей медицинэм и унэтІыныгъэщІэхэр» фІэщыгъэщІэр зиІэ Бзаранэ дунейпсо конференц. Ар кьыззрагъэпэщащ КъБКъУ-м, Эрлаген (Германие) университетым гу узыфэхэмкІэ центрым, Арабей (Европэ) медицинэ зэгухьэныгъэм я унафэщІхэм я жэрдэмкІэ.

ДОХУТЫРХЭМя дунейпсо зэхуэсым кьрагъэблагъащ Германием, Тыркуэм, Сириеи, Йорданием, Хьэрыпхэм я Эмират Зэгуэтхэм, Урысей Федерацэм я Іэщіагъэлі пащхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и сымаджэщ нэхъыщхьэхэм я унафэщІхэр, КъБКъУ-м и профессорхэр, нэгъуэщІхэри. Хамэ къэрал кьиІкІа дохутыр щІэрыІуэхэм я нэхьыбапІэр ди щІыналъэм ипэкІэ иІэпхъуКІауэ щыта ди лъэпкъэгъуэхэм кьатехьуКІа щІэблэщ. Апхуэдэхэщ, псалъэм папщІэ, конференцым и жэрдэмщІакІуэ гупым я пашэ, Эрлаген (Германие) университетым гу узыфэхэмкІэ центрым и профессор **Мыхьэмуд (Бэрасбий) Фанди Омар** (Германие), Истамбул дэт Мемориальэ сымаджэщым и профессор **Шурдым Гюнсел** (Тырку), Эстетикэ хирургиемкІэ «Натурес» центрым и унафэщІ **Къарабэ Сагит Къарэдемир** (Тырку), Нидерланды щыІэ нэ узыфэхэм щелэжь сымаджэщхэм я хирург ЦІрыІуэ **Бас Нурсет**, нэгъуэщІхэри. ХьэщІэхэм ядэщыгъуэу конференцым жыджэру хэтщ Налшык дэт республикэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Жыгун Аскэр**, Узыфэ зэрыщІалэхэмкІэ республикэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ **Джыназ Руслан**, КъБР-м и хирург нэхъыщхьэ **Мизиев Исмахьил**, КъБКъУ-м и медицинэ факультетым и деканым и кьуэдзэ **Іумэт Мурат**, нэгъуэщІхэри.

Конференцым кьыхэкІуэзрагъэпэща гъэлъэгъуэныгъэм абы кьекІуэлІа псори щыгъуазэ ищІа нэхъь, ар кьыззэІуихащ КъБКъУ-м и ректор, профессор **Къарэмырзэ Барэсбий**. ХьэщІэхэмрэ бысымхэмрэ гуапэу ехьэхъуэ нэхъь, Къарэмырзэр кІэщІу кьытеувыІащ республикэм и еджапІэ нэхъыщхьэм и щыпІэлъыфэм, ар ноБэкІэ зэрыт щытыкІэмрэ адэкІэ я мурадхэмрэ. Ректорым зэрыжиІамкІэ, КъБКъУ-р яхэтщ зызыужь, ехьулІэныгъэ лъагэхэр зиІэ, щІэныгъэкъэхутэныгъэ лъэщхэр щекІуэкІ УФ-м и еджапІэ нэхъыщхьэхэм. Абы иІэ щІэрыІуагъэм и щыхьэщт мы дунейпсо зэІущІэри.

Дохутырхэм я зэхуэсым зыкъригъэхьэлІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі **Ярин Андрей**, Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ езыр зи пашэ Правительствэмрэ я щэкІэ ар гуапэу ехьэхъуэщ зэІущІэм кьеКІуэлІа псоми, абы лэжьыгъэ кІуащІэфІэ зэрыщекІуэкІыными щэч кьыззрыгримыхьэр жиІащ. Адэкіэ конференцым хэтхэм гуп-гупу загуэщащ икІи лэжьыгъэм секІэхэм щыпащащ.

Конференцым щекІуэкІыну щІэныгъэ Іуэхуэхэм кьадэкІуэрыІуэ, хьэщІэхэр яІэнущ республикэм и сымаджэщ зыбжанэм, абыхэм щекІуэкІ лэжьыгъэхэм щыгъуаз яІщІын мурадкІэ. Апхуэдэу мы махуэхэм абыхэм ирагъэлъагъэнущ ди щІыналъэм и щІыпІэ дахэхэр, Щоджэнщыкіу Алий и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей театрым ирагъэблэгъэнущ, КъБКъУ-м и студентхэм абыхэм папщІэ яГъэхьэзыра концертым еплъынущ.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Истамбул къикІащ профессор Шурдым Гюнсел.
Сурэтыр ***ХУЖЬ Наталье*** *трихащ.*

Тырныауз комбинатыр зэтегъэувэжьнымкІэ проектым

Японием щыхоплъэ

Японием щыщ «Marubeni Corporation» компаниемкІэ хэпІэну къыщтащ Тырныауз комбинатыр зэфІэгъэувэжьнымкІэ проектыр.

КъБР-м и Президентым и деж Инвестицэхэмкіэ щыІэ советым жэпуэгъуэм и 1-м Налшык къалэм щригъэкІуэкІа зэІущІэм апхуэдэу щыжиІащ «Вольфрам» компаниим и генеральнэ директор Горбачев Михаил. Абы къыхигъэщхьэхукІащ вольфрамым кІуэтэху дуней псом щІэупщІэ нэхъыбэ щиІэ зэрыхъур, 2010 гъэм ирихьэлІэу апхуэдэ металлу тонн мин 83-рэ гъэ къэскІэ къэрал зэмылІуэжьыгъуэхэм зэращэхунур. Дуней псом вольфрам гъэтІылъыгъэу щыІэм и нэхъыбапІэр (процент 60 хуэдизыр) зыхэзэр Китайщ. Процент 14-р зыІэщІэлъу кьалъытэ Урысейм нобэ а металлыр кьыщыщІах щІыпІэу щы иІэу аращи, абыхэм ящыщу нэхъ ин дыдэр Тырныауз и кьыщІэхьапІэрщ. Ди комбинатым и акцэхэм я процент 25-р зэрэмІыгъэр кьиГъэсэбэпри, «Вольфрам» компаниием мы Іуэхущ апІэр зэтегъэувэжьным теухуа бизнес-планэ зэхилъхьащ икІи ар зыгъэзэщІэфыну кьилъытэ инвесторым епсалъэу щІидзащ. «Marubeni Corporation» компаниер Японием щыщ сату, инвестицэ ІэнатІэшхэщ.

Горбачев Михаил зэрыжиІамкІэ, Япониер иджыпсту дуней псом нэхъыбэ дыдэу вольфрамыр къэзыГъэсэбэп къэралхэм ящыщу, абы къыхэкІыу удэлэжьэнкІи нэхъ фейдэ пылъу кьыщІэкІынущ. Тырныауз комбинатыр щІэуэ зэтрагъэувэжьын папщІэ сом меларди 2,5 - 3-рэ ихьыну кьабжащ.

Мы проектым ипкъ иткІэ лэжьапІэ ІэнатІэу 1000-м нэс Тырныауз комбинатым, 600 хуэдиз Налшык дэт «Гидрометаллургэ» ОАО-м, комбинатым и сырьем и нэхъыбэм елэжьыну предприятэм, къыщызэрагъэпэщынущ. Щыхухэм я лэжьапІэр сом мин 18-20 хъуэ щытын хуейщ. Проектыр гъэзэщІэным трагъэкІуэдзну мылъкур иІэсэи 10 хуэдизым кьриубыдэу кьаІэрыхьэжьынущ. Комбинатыр зэтегъэувэжьным мазэ 36 - 42-рэ текІуэдзну кьабжащ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, лэжьыгъэхэр мы гъэм кьриубыдэу ирагъажьэмэ, комбинатыр 2012 гъэм хьэзыр хъунущ.

«Marubeni Corporation» компанием Москва дэт и Іуэхущ апІэм и менеджер нэхъыщхьэ Ушимару Камихирэ зэрыжиІамкІэ, Японием и Іэщіагъэлхэм проектыр егуГуу зэпалъытащ. Иджы «Marubeni Corporation», «Вольфрам» компаниехэр я сэбэп зыхэлъхэр яхузэгъэгъыу цьытмэ, инвестицэхэм ятеуауэ зэгурыІуэныгъэ зэращІыпІэнущ. «Ар нэІуэ хъунущ зы мазэрэ нЫкъуэ-мазитІ хуэдизкІэ. Абы ирихьэлІэу дунейпсо аудитор компаниехэм, дэ етта заказэхэм япкъ иткІэ, къэпщытэн яухынущ «Вольфрамым» и финанс, юридическэ Іуэхухэр зытетыр», - кьыщІигъужащ Ушимару Камихирэ.

«Республикэм и деж мы проектыр гъэзэщІэным икъуэкІэ мыхьэнэщхуэ иІащ, - кьыхигъэщхьэхукІащ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен. - АбыкІэ Іэмал кьитынущ Іуащхьэмахуэ районым лэжьапІэкІэ кьызыпэкІуэ ІэнатІэхэр кьыщызэІуихьмыкІэ. Абы къыдэкІуэу, мы предприятэм и щытыкІэм тещІыхьащ ар зыдэт кьалэм и псэуКІэнури». Президентым кьыхихгъэщхьэхукІащ «Вольфрамым» и унафэщІхэр инвесторым зэрыгурыІуэу Къэбэрдей-Балъкъэрри абыхэм епсэлъэну зэрыкьэзыдыр.

Инвестицэхэмкіэ советым и зэІущІэм щыхэплъащ КъБР-м и дежкІэ мыхьэнэщхуэ зиІэ нэгъуэщІ зы проектми - оптоволокно мультисервис сетхэм я системэ кьызэгъэпэщыным. АбыкІэ жэрдэм кьыхэзыльхар «Инвестэлектросвязь» акционер обществэ зэхуэщІарщ. Мы проектыр теухуащ КъБР-м и щыхуэхэм Интернетыр кьызэрагъэсэбэпыр егъэдІэкІуэным. «Инвестэлектросвязьым» и унафэщІым и кьуэдзэ Архаров Юрий зэрыжиІамкІэ, мы технологием Іэмал кьет зы секундым 1 гегабайт и псынщІагъуэ Интернет Іуэхутхьбзэхэр щыхуэхэм яхуэщІэныжкІэ. Зэкъэ налшыкдэсхэм апхуэдэ зэфІэкІ иІэкъым. Ягъ щыкІэ сетыр КъБР-м и кьалащхьэм, адэкІэ щыху мин 50-м щІигъу зыдэс кьалэхэм щызэтрагъэувэну я мурадщ. «Инвестэлектросвязьым» хьэзырщ мы гъэм кьриубыдэу лэжьыгъэхэм щидзэну. Абыхэм трагъэкІуэдзн папщІэ сом мелуан 200 хуэдиз инвестицэу зэкъэщІигъэгъуІуап-хьэщ. Компанием и кьудамэу ди республикэм щыІэнум ику иту сом мин 15-м нэблагъэ ІэнатІэу 100 хуэдиз кьызэригъэпэщынущ.

Мы сетыр сэбэп хъунущ мыхьэнэшхуэ зиІэ нэгъуэщІ социальнэ программэхэр, псалъэм папщІэ, кьалэм и щыпІэ псоми щекІуэкІхэм видеосвязькІэ кІэлъыплъыным теухуа «Кьалэ щынагъуэнщэ» жьхуиІэр гъэзэщІэныжьмкІэ. Абы къыдэкІуэу кьэгъэлъэгъуапхъэщ «Инвестэлектросвязь» компанием и тарифхэр мы зэманым «ЮТК» ОАО-м и кьудамэу ди деж щыІэм щызекІуэхэм нэхърэ нэхъ мащІэу зэрыщытынур.

«Проектыр дгъэзэщІан папщІэ дэ ди оборудованэр кьалэм и псэупІэ хьэблэхэмрэ электролинэхэмрэ кьэдгъэсэбэпурэ дгъэувыну хуит зыкьедгъэщІын хуейщ, - жиІащ Архаров Юрий.- ЮТК-м и кьудамэм дыгурыІуэмэ, дз абы и каналхэр кьэдгъэсэбэпурэ дылажьэ хъунущ».

КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен зэрыжиІамкІэ, интернет Іуэхутхьбзэхэр республикэм исхэм яхуэщІэныкІэ зэпеуэ Іуэхущ апІэхэр щымыІэу щыІэм, сыту жыпІэмэ ахэр псори зым щыІэщІэлъым и деж хилъафэр а Іуэхутхьбзэхэр зыхуащІэ щыхуэр. «ЮТК-м кьищтэну унафэм дэ дыхэІэбэфэныкъым,- кьыхигъэщхьэхукІащ Къанокъуэ Арсен. - Ауэ абы дыгурыМІыуэмэ, «Налшык электросетым» и линэхэр кьэдгъэсэбэп хъунущ».

Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Сорокин Виктор зэІущІэм зэрыщыжиІамкІэ, къалэ электросетым мы Іуэхумкіэ дэІэпыкъуэгъу хъуну зэгурыІуащ икІи проектыр зыгъэзащІэнум зыхуей дэІэпыкъуныгъэ псори игуэтынущ.

МЕЧИЕВ Асхъэт.

● Тыгъэ гуапэ

«Ахъмэт» и псынэр - лашынкъейдэсхэм

Жэпуэгъуэм и 2-м Лашынкъей жылагъуэм щызэхэтащ кьуажэдэсхэр ильэс куэдкІэ зыпэлъэ Іуэхугъуэ щхьэпэ-псы кІуапІэм кьудамэщІэ падзащ. КьуажащІым щыхьэкІэ километри 4-рэ ныкъуэрэ хуэдизкІэ щыІэ зэнэзныпс кьащІэжьипІэм деж кьащыщІадзэри, кубометр 300-м хуэщІа псы зэхуэхьэсыпІэм нэс къехьуГъущІ бжьамиирэр щаукъуэдыну. Абы ибгъукІэ щауХуэ псыуэ кубометр 500-м тещІыхьа хъумапІэмкІэ. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен и пщэрыльым тету ягъэзащІэ проектыр сом мелуан 14-рэ мини 100-рэ и уасэщ. Лъэжьыгъэ псори псынщІэу икІи фІагъ хэлъу ирагъэкІуэкІ Настаев Алисулътіан зи унафэщІ «Ассо» ООО-м и ухуакІуэхэм.

«ЗЫУЭ ЩЫГ заказчикым и дирекцэ» ГПК-м и тхьэмадэм и кьуэдзэ Мэстей Хьэсэн зэрыжиІамкІэ, ильэс куэдкІэ псыкІэ гугъу ехьа лашынкъейдэсхэм дяпэкІэ яІуэтэжьнущ. КъБР-м и Правительствэм и унафэкІэ мы проектыр республикэм и инвестицэ программэм нэгъабэ хагъэхьати, ар зэрыщытыгъэзэщІа мэхъу, кьэнэжа щыІэкъым. Нобэр кьыздэсым лашынкъейдэсхэр зэфар зы псынэпс закьуэщ. Ари хуабжьу зэпэубыдати, зылъымысыр нэхъыбэт. Иджы «Ахъмэт и псынэ»-кІэ зэджэр абы зэрыпадзам и фІыгъэкІэ, зы секундым кьриубыдэу псыуэ литрэ 12-14 кьуажэм Іэрыкьэнущ. Мы проектым ефІэкІныкІыгъэщхуэ иІэщ. Ягъэрауэ, псыуэр кьабзащІэу, езыр-езыру кьохри, абы мыльку лей текІуэдэнукъым, етІуанэрауэ, дэтхэнэ зы цІыхуми жэщ-махуэм литрэ 500-м нэблагъэ хуоз. Апхуэдэ ди жылагъуэхэм иджы ягъэ кьыщыхьэу аращ.

Лашынкъейдэсхэм я гуфІэгъуэр даІэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и ягъэ кьудзэ **Тхьэзэплъыкъ Мурат**, уэхуныгъэмрэ архитектурэмкІэ министр **Афащ1агъуэ Михаил**, Щэджэм куей администрацэм и Іэтащхьэ **Мамбэт Михаил**, «Зыуэ щыт заказчикым и дирекцэ» ГПК-мрэ «Ассо» ООО-мрэ я лІыкІуэхэм, уэхуакІуэхэм.

«Сэ мы адыгэ жьлэжьым сыщыщІ. Нобэ си нэгу щІэтщ си къуажэгъуэхэм псыкІэ я фэм дэкІыу щытар. Ар махуэ кьэс пхъэхькІэ псынащхьэм кьрахьэхыу е Щэджэм псыхуэям кьыдахьу щытащ. Президент Къанокъуэ Арсен ди районым кьыщыкІуам зыгъэпІейтейхэр щыжраІэм, Уэхуныгъэмрэ архитектурэмкІэ министерствэм кьалэн щищІри, мы проектыр гъэзэщІа хъуащ. Лэжьыгъэ нэхъыщхьэ псори зэман кІэщІ дыдэм зэфІэгъэкІащ. Абыкіэ фІыщІэр зейр ягури я псэри етауэ Іуэхум бгъэдэта ди уэхуакІуэ Іэзэхэрщ. ДыкъагъэщІэхъуакъым, зытедухуа пІалъэм кьытІасу ламыІуу кьэпащхьэ тыГъэ хъарзынэ хуащІащ. «Псыр псэ хэлъхьэжщ»,- жаІэ. Апхуэдиз зэманкІэ фи нэр кьызыхуикІа зэнэзныпсыр дяпэкІэ пэрыхьэту вгъуэтынущи, абы фы кьысфхудэкІуэну, нэхъри зыдэвуэзщІыну си гуапэщ», - кьыхигъэщащ **Тхьэзэплъыкъ Мурат** и къуэхьум.

Уэхуныгъэмрэ архитектурэмкІэ министр **Афащ1агъуэ Михаил** кьигъэлъэгъуащ 2006 - 2007 гъэхэм Лашынкъеим и уэрам нэхъыщхьэм жьы хъуа и псы кІуапІэхэр зэрыщызэрагъэхуэкІар, етІанэгри и лэжьыгъэм нэгъуэщІ хьэблэхэм зэрыщыпащэр.

А махуэм лашынкъейдэсхэм нэгъуэщІ зы тыГъэ хуащІащ - республикэм и стоматолог нэхъыщхьэ **Дудар Борис** кьуажэ амбулаторэм щигъэуващ Президент Къанокъуэ Арсен абы щыкІуам щыгъуэ кьыщІигъэгугъуэу щыта дзэм зэрелэжь иджырей Іэмэпсымэ щІэрыпсыр.

ЩІыпІэ администрацэм и унафэщІ **Тхьэзэплъыкъ ХьэутиІ-рэ** кьуажэдэсхэмрэ республикэм и унафэщІхэм, гуфІэгъуэм хэта хьэщІэхэм фІыщІэ хуащІащ я жьлэм и зыужьныныгъэм, цІыхухэм я псэуКІэр егъэфІэкІуэным зэпымыууэ я нэІэ зэрытрагъэтым папщІэ.

ЗЕЙ Гъузер.

Ябгъэр щІакъуэ

Дунейпсо финанс кризисыр кІуэ зэтеМ нэхъ куэдкІэ, абы и кьуэпсыр ящІэ.

Иджырей щытыкІэм уигу кьегъэкІыж ильэс зыбжанэ япэкІэ дунейм и щІыпІэ зэмылІуэжьыгъуэхэм къыщыхьуа экономикэ еухуакІыгъэхэр, псалъэм и хъэтыркІэ, дефолтым хуэдэ хэр. АрщхьэкІэ, Іэщіагъэлі-хэм къызэралъытэмкІэ, иджырей щытыкІэм и зэранигъэшхуэ кьекІынукъым Урысейм. Абы дыщэ гъэтІылъыгъэхэр и куэдщ, нэгъуэщІ мыльку хэкІыпІэхэри и машІэкъым.

Урысейр доІэпыкъу

НаІуэу зэрыщытри, Къыргызыым щІыр щыхьэщ къаруущхуэ иІэу. ЗэкІэ къызэрабжамкІэ, насыпншагъэм хэкІуэдащ щіыхуэ 72-р. Куэдым фбжь гъмылІуэжьыгъуэхэр хаущ. Зи упэхэр зыхэкьутахэр, зыхэпсуэкІыр зимыІуэкьэнахэр. ирхьыбжщ.

Урысейм и мурадщ кьулейсыгъэ зыгъуэтахэм мылькукІэ зыщІигъэкъуэну. Нобэ УФ-м и МЧС-м и япэ кхъухьлъатэм ди гъунэгъу республикэм нигъэсынущ ерыскыкъэхІэхэр, хьэпшыпхэр.

Къратыжыну къагъуэ

УФ-м кьегъуэ «Славнеф-тым» и унафэщІу щыта Гупериев Михаил Урысейм къратыжыну. Ди къэралым и хабзэхъумэхэр щыгъуазэщІ абы Инджылызым зэрыщыпсъэпщкІуэм.

Гупериев Михаил мылькушхуэ дыдэ зэрилъэфІалІащ, хабзэм зыкІи емызэгъыу. Абы налог тыным сыт и лъэныкъуэкІи зэпымІуидзащ, зьхэрэмыгъэзыпыльхь нэгъуэщІ Іуэхухэр зэрихьащ.

Урысейм дуней псом къыщытыхьуэ а цІыхур УФ-м кьратыжьын хуейуэ ткІийуэ егъэзыф.

Лъэпкъпсо зэщІэхъеенытІ

Бельгием зыкъыщаІэтащ транспорт лэжьакІуэхэм.

Лъэпкъпсо зэщІэхъеенытІ хэтщ цІыху мин куэд. Абыхэм ящыщ я улахуэхэм хагъэхьуэну, лэжьэн папщІэ яІэ Іэмалхэр ирагъэфІэкІуэну.

(ИТАР-ТАСС).

◆Мы махуэм (1723) Петр Езанэм и унафэкІэ и лъабжьэр яГъэтІылъащ Кронштадт кьалэ-быданІэм.

◆2001 гъэм США-мрэ Инджылызымрэ ІэщхЬІэ зэщІэуэзда я кьарухэм щІадзащ Афганистаным и щІыналъэм террорист бандэхэр щІэзэтеуКІэным, «Аль-Каидэ» террорист зэгухьэныгъэм и унафэщІхэр къэубыдыным егъэщІылІа Іуэхухэм. Абыхэм хэтащ къэрал 40-м щІигъум я зауэІхэр.

◆Ильэс 75-рэ и пэкІэ (1933) хьэуа транспорт компание зыбжанэ зэгухьэри къызэрагъэпэщащ «Эр-Франс» авиахолдинг ин дыдэр.

◆Люксембург щекІуэкІынущ Евросоюзым экономикэмкІэ, финансхэмкІэ я министрхэм я зэІущІэ.

◆Жэпуэгъуэм и 7 - 19-хэм Гент (Бельгие) щекІуэкІынущ 35-нэ дунейпсо кинофестивалыр.

◆Жэпуэгъуэм и 7 - 9-эм Москва щекІуэкІынущ Кардиологэм я урысей лъэпкъ конгресс.

◆Жэпуэгъуэм и 7 - 10-хэм Алма-Ата (Къэзахъстан) щекІуэкІынущ «ЩІыдагъэмрэ газымрэ» 16-нэ дунейпсо выставкэрэ конференцрэ.

◆Жэпуэгъуэм и 7 - 10-хэм Эссен (Германие) щекІуэкІынущ ЩынагъуэнщагъэмкІэ дунейпсо форум.

◆Жэпуэгъуэм и 7 - 10-хэм Вен1э (Австрие) щекІуэкІынущ дунейпсо промышленнэ выставкэ.

◆Ильэс 56-рэ и пэкІэ (1952) кьалъхуащ УФ-м и Правительствэм и Унафэщ (2008 гъэм накьыгъэм я 8-м кьыщыщІэдзауэ), Белоруссиемрэ Урысеймрэ я Союз къэралыгъуэм и министрэхэм я советым и унафэщІ (2008 гъэм кьыщыщІэдзауэ «Зыуэ щыт Урысей» Урысейпсо политикэ партым и Іэтащхьэ, 2000 - 2008 гъэхэм къэралым и президенту щыта **Путин Владимир.**

◆ **Дыгъэр кьыщІэкІащ сыхьэтІ 7-рэ дакьикъ 12-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 18-рэ дакьикъ 37-м.**

◆ **Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэт 11-рэ дакьикъ 25-рэ.**

Плъагъэр зыгъэхьэлІар **ШАЛ Мухьэмэд.**

● Щэджэм куей

УэтІпсытІыр къэмыс щІыкІэ

Щэджэм ЕтІуанэ къуажэм щыхуэ школыщІэр дяпэ зы мазэ хуэдизкІэ хьэзыр ящыну я мурадщ.

ХХУАКІУЭХЭМ яхуэзэфІэкІащ бжьыхьэ уэтІпсытІыр къэмыс у унащхьэр траГъхьэу, бжьщхьэгъубжэхэр кьаІэ щымыІэу хагъэзэгъэн. Иджыпсту унащхьэр щІалІэ, пэш кІуащхэр зэрахъэ. Илъэс куэд и пэкІэ щэнхабзэмкІэ унэу кьрагъажьэу мыльку зэрабгъэдэмылым кьыхэкІыу кьыззэтрагъэувыІауэ щыта ухуэныгъэм еджаІэ дэгъуэ кьыщІыкІащ. Мыбы хэтынущ спортзалхуэ, шхапІэ.

МЕЧИЕВ Асхъэт.

● Май куей

Сыт и лъэныкъуэкІи

Май район сымаджэщым зэгъэпэщыжьныгъэ-зэфІэгъэувэжьныгъэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэжьауэ щыкІуэкІ.

СЫТ И ЛЪЭНЫКЪУЭКІИ кьызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ сымаджэщым и хирургие кьудамэм, адэкІэ апхуэдэ лэжьыгъэхэр щрагъэкІуэкІынущ цІыхубзхэм щеІэзэ кьудамэмри. А Іуэхум текІуэдэну мылькур районым и бюджетым къыхэкІащ.

Апхуэдэу районым сымаджэщым мылькыкІэ зыщІигъэкъуащ «Майский» ИПК-м и унафэщІ КІуэкІуэ Юрэ Хьэрычэтыщым къаритэ ахъшэмкІэ сымаджэщым уз зэрыщІэлэжьэмкІэ и кьудамэм и унащхьэр, псы зэрыкІуэ бжьамийэр зэрахъэжьащ, бжэ-щхьэгъубжэхэм пластикым кьыхэщІыкІахэмкІэ яхъэжащ, унэ гупэр кьаГъэщІэрэщІэжащ.

Мы зэманым сымаджэщым и пщІантІэм ДРСУ-2-м и лэжьакІуэхэм асфальт трапъхьэ. Псори зэхэту метр зэбгъэзэнатІэ 4300-рэ зыщыуэ кьугъэзэну къапэщылъщ.

Апхуэдэ щыкІэкІэ Май районым сымаджэщыр кьызыхуэтыншэу зыхуей хуэзауэ щымахуэм текъэнущ.

ТОКЪУИЙ Ириня.



хэкІуэтахэм я махуэм ирихьэлІэу Черкесск къалэ и нэхъыжьыфІэхэм гуапэ ящыхьуа гупыитэ хуащащ.

ЧЕРКЕССК къалэ администрацэм лэжьыгъэмрэ цІыхухэм социальнэу защІэгъэкъэжьмкІэ и Іуэхущ апІэм и унафэщІ Вобловэ Клавдие зэрыжиІамкІэ, хабзэ зэрыхъуауэ, республикэм и къалащхьэм и Іэтащхьэ Коротченко Петр и унафэкІэ, зи ныбжьыр ильэс 95-м щхьэдэжа нэхъыжьыфІхэм зыщагъакъуэ. Мы гъэм апхуэдэ цІыху 46-м сом мин зырыз иратащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Цыхухэм къащхьэщож

АБХЬАЗ *Абхьазым, Осетие Ипщэм, Приднестровьем цІыхухэм я хуитыныгъэмкІэ я уполномоченхэр зэрыщІэлажьэхэм теухуа зэгурыІуэныгъэ иджыблагъэ зэращылІащ.*

ЗЭГУРЫІУЭНЫГЪЭМ кьызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, республикищым я цІыхухэм я хуитныныгъэм, гъащІэм, абыхэм яІэ хабзэхэм теухуауэ дзкъуэныгъэ, шынагъуэ гуэрхэр, я щІыналъэм и мыбакъуэу, нэгъуэщІ щІыпІэхэми кьыщыхьу хъумэ, кьащхьэщыжьынущ.

Сом мин зырыз

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. *Зи ныбжь хэкІуэтахэм я махуэм ирихьэлІэу Черкесск къалэ и нэхъыжьыфІхэм гуапэ ящыхьуа гупыитэ хуащащ.*

«Адыгэ псальэр къыфІэрыхьэну фыхуеймэ Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2009 гъэм и япэ илъэс нЫкъуэм къыфІэрыхьэну газетэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс нЫкъуэм ди газетым и уасэр сом 356-рэ кІэлІейкІи 10-рэщ. «Адыгэ псальэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

Ди газетым эрыытетащ, КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен жэпуэгъуэм и 2-м Правительствэм и Унэм щригъэкIуэкIащ республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я Iэтащхьэхэм я зи чэзу зэIущIэ.

ЗЭЖIХЬЭМ ягъэ щыIэзэкъахащ Лэскэн муниципальнэ районым и социально-экономикэ щытыкIэр зыхуэдэмрэ абы и зыужьыныгъэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ.

Куэй администрацэм и Iэтащхьэ **Лыхъугу Хьэжмурид** и отчетым ыкIи ащ ирихьыкIыжащмкIэ, я деж гъавэрэ горох щхьэнтIэу къыщрахьэлIэм, 2005 гъэм елытауэ, процент 89-кIэ нэхъеуэ.

«Хадэхэ кIэрэ хъарзынэу къыдохьулIэ. Къапщтэмэ, нэгъабэ тонн мин 66-рэ 249-рэ къыщетхьэлIэжащ. Ар республикэм къыщалэжьам и процент 23,1-рэ мэхъу. КъэкIыгъэ лIэужьыгъуэ псомкIи мы гъэми ди Iуэхур зыкIи нэхъыкIэкъым, дызыщыгугъахэм хэпщIыкIыу щIедгъэгъунущ.

Мы зэманым Iэщ гъэхъуным нэхъ хэкъуэдэу елэжьу диIэщ мэкъумэш предприятэу 7, фермер хозяйствэ 4, щхьэзакъуэрылажьэу 9-рэ зы пдсобнэ хозяйствэрэ. А Iэнатlэм нэрылъагъуу зыкъеужьыкIи, быслъымкIыгъэм, гъэшрэ лыуэ кьалэжьым хохьуэ.

«Iэщ гъэхъун» Федерал программэм щыубзыхуахэр дгъэззэщIэн мурадкIэ, жэмыщIэ лъэпкъыфIу 500 къэтщэхунущ. Арщыдан къуажэм жэм мин щытIыгъуну гъэш комплекс, Урыху жылагъуэм Iэщlэвыщlэуи апхуэдизэ щыдгъэшхэну псуэалъэ щыдухуэнущ. Абыхъэм я проектхэр догъэхьэзыр. «АПК-м зе-гъэужьыкIи» жыхуиIэ лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ, иужьрей ильэситIым кьриубыдэу уней подсобнэ хозяйствэхэм «Урысейм и мэкъумэш банк» ОАО-м и щыналъэ къудамэм кьыIахащ сом мелуани 100-м щIигъум хуэзэ кредиту 663-рэ. АбыкIэ Iэщыщхэу 3293-рэ къащхъуащ», - къыгъэльэгъуащ къэпсэлъам.

Лыхъугу Хьэжмурид зэрыжиIамкIэ, нэгъабэ мэкъумэшхэкIыу кьалэжьащ сом мелуан 624,1-рэ и уасэ. Ар 2006 гъэм елытауэ сом мелуани 121,5-кIэ нэхъыбэщ. Районым ильэс кьэс кьащIрахьэлIэж хадэхэкI зэмылIэужьыгъуэу тонн мин 60-м щIигъу. Кьыщlэчыжьыгъуэ зэманым махуэм сом 350-400 рату а Iуэхум хашэ цIыху 1680-рэ мынэхъ мащIэ.

Бэджэнд уасэм хуэдизкIэ 2,7-кIэ хагъэхъуащ. Абы кьыпэкIуэу мы гъэм кьаIэрыхьащ сом мелуан 22,1-рэ, нэгъабэрейр зэрыхъуар мелуани 8-щ.

Щы зэхуэщытыкIэхэр зэкIэлыкIыжьуэнымкIэ нэхъ хэкIыпIэфIу къыпльитэхэм я гугъу ящIри, ар кьытеувыIащ «2012 гъэ пщIондэ кьуажэхэм зэрызэхуэныгъуэ» программэ хэкIар зэрагъэзащIэмрэ кIуэм и агропромышленнэ комплексыр мэкъумэш техникэкIэ кьызэрэгъэпэщыным пыщIа Iуэхуэхэмрэ.

«Ди куэйм щыIэщ зы спирт заводрэ брыскыпэхьэхэм елэжь предприяти 7-рэ. Нэгъабэ кьыщIэдгъэкIащ сом мелуани 113-рэ мин 65-рэ и уасэ консерв продукцэу банкI мелуани 36,5-рэ. Мылькур кьаэремэщIэкIам кьыхэкIыу, предприятэхэр я лъэшагъ псомкIи тхуэгъэлэжьакъым, зи пIалъэр икIа Iэмэпсымэхэри зэтхъуэкIыну кьытпэщытщ. Уэзрэдж кьуажэм аркъэ щрагъахьуэ цехыр щедгъэжьэжащ, абы ильэсым сом мелуан 50 хэхъуэу кьыдитынущ. Урыху, Хьазнидон псэкIэм МГВ 45-рэ зи лъэщагъ ГЭС-хэр тетщIыхьынущ. Абы йолэжь «Гретта Энерджи Ру» канадэ фирмэм и IэщlагъэлIкIэр. Илъэсым мывжIэщIхьыу кубометр зы мелуан кьыщIэзыгъэкIыну заводрэ унэлъащIэхэр щыдгъэхьэзырыну предприятэрэ духуэну ди мурадщ», - кьыхиубзащ куей администрацэм и унафэщIым.

Кьэпсэлъам кьызэригъэлъагъуамкIэ, псэупIэ-комунальнэ хозяйствэм и Iуэхум гулыитэ хэха хуащI. Районым щагъэззащIэ а Iэнатlэр егъэфIэкIуэным теуху программэр. Анзорей, Урыху, Хьэтуей, Уэзрэдж, Арщыдан, Ерокъуэ кьуажэхэм я курыт_еджапIэхэмрэ Тащлы-Тала дэт Щэнхабзэмкlэ унэмрэ хьэкъущIэхэр щагъэуващ. Хуабэ кIуапIэу метр 1126-рэ, псы кIуапIэу километри 8,7-рэ зэрахьэкIащ. Хьэтуей кьуажэм псы кьащIэшыпIэу 2, Арщыданрэ Анзорейрэ зырыз щаубруущ, Урыху жылагъуэм и псыхъуапIэм и щIэжьапIэр ирагъэфIэкIыащ. Абыхъэм хухахащ сом мелуани 6,8-рэ. Апхуэдэу Президент Къанокъуэ Арсен Лэскэн районым щыкIуам ищIа пщIэрыльхъэм ятпкъ иткIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэхэм щызэфIагъэкIащ сом мелуани 4,2-рэ и уасэ Iэмэкъуэ. Анзорей кьуажэм щахуэхнущ сабий 600 щеджэну курыт школ. Ар мы гъэм КъБР-м и инвестицэ программэм хагъэхьащ. Куейм и автомобиль гъуэгуэгэр километри 173,7-рэ мэкъу. Абы щыщу асфальт зытельыр километр 43,4-рщ.

«Ди гъуэгуэгэр зыхуэей хуэдизэ щIэ лэжьы-гъэшхуэ зэфIэдгъэкIыну кьытпэщытщ. Уэзрэдж кьуажэм аркъэ щрагъахьуэ цехыр щедгъэжьэжащ, абы ильэсым сом мелуан 50 хэхъуэу кьыдитынущ. Урыху, Хьазнидон псэкIэм МГВ 45-рэ зи лъэщагъ ГЭС-хэр тетщIыхьынущ. Абы йолэжь «Гретта Энерджи Ру» канадэ фирмэм и IэщlагъэлIкIэр. Илъэсым мывжIэщIхьыу кубометр зы мелуан кьыщIэзыгъэкIыну заводрэ унэлъащIэхэр щыдгъэхьэзырыну предприятэрэ духуэну ди мурадщ», - кьыхиубзащ куей администрацэм и унафэщIым.

Кьэпсэлъам кьызэригъэлъагъуамкIэ, псэупIэ-комунальнэ хозяйствэм и Iуэхум гулыитэ хэха хуащI. Районым щагъэззащIэ а Iэнатlэр егъэфIэкIуэным теуху программэр. Анзорей, Урыху, Хьэтуей, Уэзрэдж, Арщыдан, Ерокъуэ кьуажэхэм я курыт_еджапIэхэмрэ Тащлы-Тала дэт Щэнхабзэмкlэ унэмрэ хьэкъущIэхэр щагъэуващ. Хуабэ кIуапIэу метр 1126-рэ, псы кIуапIэу километри 8,7-рэ зэрахьэкIащ. Хьэтуей кьуажэм псы кьащIэшыпIэу 2, Арщыданрэ Анзорейрэ зырыз щаубруущ, Урыху жылагъуэм и псыхъуапIэм и щIэжьапIэр ирагъэфIэкIыащ. Абыхъэм хухахащ сом мелуани 6,8-рэ. Апхуэдэу Президент Къанокъуэ Арсен Лэскэн районым щыкIуам ищIа пщIэрыльхъэм япкъ иткIэ, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатlэхэм щызэфIагъэкIащ сом мелуани 4,2-рэ и уасэ Iэмэкъуэ. Анзорей кьуажэм щахуэхнущ сабий 600 щеджэну курыт школ. Ар мы гъэм КъБР-м и инвестицэ программэм хагъэхьащ. Куейм и автомобиль гъуэгуэгэр километри 173,7-рэ мэкъу. Абы щыщу асфальт зытельыр километр 43,4-рщ.

«Ди гъуэгуэгэр зыху

Шэрджэсымрэ Кърым хъаныгъуэмрэ

● Тхыдэм и лъагъуэжр

Кърым хъаныгъуэр, «Дыщэ Ордам» и къутахуэ-гъуэр ящыщ зыр, зыми Іэщіэмылъу куэдрэ къэгъуэгурыкіуакъым. Абы и хьэмтетыгъуэм и щіэдзапіэр 1450 гъэрауэ, и кіэухыр 1475 гъэрауэ пльытэ хъунущ. Нэхъ нужрыпіуэкіэ хъаныгъуэр Эсэмэн пащтыхыгъуэм зыбзыщіу-быдэр.

Зэманыр екіуэкіыпэр, Урыс-Тырку зауэр къохъей. Ар иокіуэкі 1768 гъэм къыщыщіэдзауэ 1774 гъэ щіондэ. А зауэр сух урысхэм я текіуэныгъэкіэ, 1783 гъэм Кърым хытіыгъуныкъуэм, урысыдзэхэр тепщэ щохъурт, и щхьэхунтыныгъэм кіэ егъуэт.

Лей Іэджэ зезыхьахэр

ИЛЪЭС щиц хуэдизкіэ щыІащ Кърым хъанымгъуэр, къэралыгъуэ щыфэлыфэхэр иІэу, щІэ-щІэхыурэ и гъунэгъу щыналъхэм теуэурэ, кьиугъуей мылъкум хэпсэкіыу. Апхуэдэ зауэфеодал хъанымгъуэр гуващІэхами дунеим зрыткіуэдыкіынур кьыбгурыІуэну гугъуэкъым.

Къуэкіыпіэ къэралхэм я тхыдэр кууэ зыджа щІэныгъэлі цІэрыІуэ, профессор Смирнов Василий (1846-1922 гъ.) зи гугъу тщіы Іуэхуэхэм ящыІуэхуэ мыпхудэу итхыгъащ: «Кърым хъанымгъуэм хиубыдэ лъэпкъхэм я зэгурымыІуэныгъэхэри, тепщэгъуэр зыІэщІэлъ унагъуэхэм я нэмысыншагъэри, Оттоман Портэр фэрыщІагъыщхуэ хэлъу кьыкъэррыкъутари зэран хьуащ абы (хъанымгъуэм) и щытыкІэр ефІэкІуэнымкІэ».

Адэкіи кьыпещэри, еджагъэщхуэм етх: «Епщыкіуиянэ иІэщІыгъуэр Тырким кьыхущІэкІащ куэдкІэ зэкъуэншэкіа лъэпкъхэм щахуэпшынапхъэ, Іэщіэльа Кърым хъанымгъуэри, нэгъуэщ зэкъущытыкІэхэр и гъуэзэу, Урысеём хьихьанымк хьэзинкъуэ зыхуэхъуа лъэкъэну».

Кьыззрыкъуэрэ, Кърым хъанымгъуэм «хьэл-щэн» быдэу хэлъ и гъунэгъуэм еныкъуэкъуныр, Хъанхэм я Іуэху хатъхьэрт Урысеём, Польшэ-Литва къэралыгъуэм, Кавказ Ищхьэрэм их лъэпкъхэм (адыгэхэм, кьалмыкъхэм, нэгъуейхэм, нэгъуэщІхэми) я гъащІэм, хабзэ-бзыпхъэхэм.

Тепщэгъуэр яхуэзрымыгъэгъуэту, тырку, кърым дзэпщІхэр зэкъущІэуэми, щы-зэрыкІ кьэхъуми, абыхэм я кьулейигъэм и хэкІыпІэ нэхъыщхьэу щытыр я гъунэгъуэхэр яхъунщІынэрт. Арат нэхъ зэгугъуэр, зызыхуагъасэр, я Іуэхущіафэ нэхъыщхьэхэр зыхуаунэтІыр. Зекіуэ ежьамэ, кырымыдзэхэм гущІэгъунщэу зэтракъутэрт жылагъуэхэр, зэрапхъуэрт хамэ Іэщіыр, гъавэхэпІхэр, гъэр кьащІуэрэ, Кърымым кьахурт зи дахэгъуэ щІалэхэр, хъыджэбзхэр.

Смирнов Василий итхыгъащ мыпхуэдэу: «Хъаным кьытехьэпъэрт и унагъуэ, Іыхьлы зэрыхьэзрийхэри, Тыркум (Портэм) кьыхуиІэ щытыкІэ зэлымыбзхэри, зи тепщэу и гугъэж лъэпкъхэм (нэгъуейхэм, адыгэхэм, нэгъуэщІхэми) тегъэщІапІэ быдэкіэ уащьгугъыщэ зэрымыхъунри - а процэри зыгъэрурэ зэхуищэхъуну, зэгурыгъэІуэну, зэкъуигъэзвэну хэтт».

Кърым хъанымгъуэмрэ Шэрджэсымрэ (Къабэрдеймрэ) зэхуаІа зэпыщІэныгъэхэр кьитІэсэнукъым «зэзауэрт, зэныкъуэкъурт» псалъэхэм - ахэр пльыфэ куэд хьурт, мардэ гъэрхэм итт, пльэныкъуэ Іэджэри зэхьихь-зэжкІырт.

Къэтщтэнщ итъэс щиц ящэкІэ къэхъуа Кьэнжал зауэм и зэманым, абы и пэІуэкІэ щыІа къэхъугъэхэр, Эуэсмэн пащтыхыгъуэмрэ Кърым хъанымгъуэмрэ зэрызаужьам, абыхэм, (я кьарум кьыкъэугушхуэкіыу), «ягъэхъа» Іуэхугъуэхэм пыщІахэр. Къэтхьынщ щапхъэ закъуэ, куэд дыдэкІэ кьытхуэхъэшэну. Зи гугъу ещІыр 1546 гъэм кърым хъан Сэхьиб-Джэрий Урысеём и пащтыхь Иван Епліанэм хуиГъэ хьауэ щыта тхыгъэрщ. УмыгъэщІэгъэн пхуэзэфІэкІыкъым ар дыдэжу, нэмысыншэуэ гъэпсауэ зэрыщІытар. Мис ар:

***«Хабзи бзыпхъи зымыщІэ, си ней зыщыхуэ мэзкуу ванГуэхІ, си щыхьІ Зэгъанщіэ уи щІыналъэр схъунщІэну, укъэзубыду, пхъэІэщэм ущІэсщІэну, яжьэ хозгъэсэну сызэримурадар. Апхуэдэут си лъэпкъэгъэ нэхъыжькъэ уи адамхэм зэрахущытар. Абыхэм я щапхъэм сытету, уеблэмэ зыкъомкІэ сакьыхэжанкІыу, си гугъащ уи лъакъуэхэр щэлъахьэкІэ зэсІуэлу, щыІ куу нъэозгъэтІыну, зыри уэзримыщІысыр псоми язгъэлъагъуну, ауан уакъезгъэщІыну. ФІыщІэ кьыззрыгъуигъэнам щхьэкІэ. Абыкіэ зэран кьыслхуэхъуар, Ока псым сы ззэпрыкІынымкІэ кьыспрыуар Бакы-бекщи, абыи Гъьэм хуеГъэу. Дигъэкіэ сщІэнур мыраш: ящэ щыкІэ а дыгъужьыр, си мэлхэм кьахэхутар, сыукІынщ, вэнвем щыщЭстІэжьынщи, итІанэ уи Іуэху зесхъэнщ...»*

Хъан Долэт-Джэрий Иван Епліанэр ирихуІат ипльэ кьаз дань (тэтэрхэм «Тыш» жыхуаІэу щытар) ахъшэрэ тыгъэ зэмыльІэужьыгъуэу Кърымым кьригъэшэн хуеІуэ.

А зэманым Кавказым их лъэпкъхэм зэрыщІэ дыдэу «къапхъуэтэфакъым» Тыркумрэ Кърымымрэ я унафэ зэмылІэужьыгъуэкэр. Абы кьыхэжІыу языныкъуэ лъэпкъхэр (Жанеим кьыщыщІэдзауэ Кьэбэрдеим кьэс щыпсэуХэр) тэтэрхэм кьалъытэрт мымусльымэну, букІми, гъэр кьэпщІми хъуну, жанейхэм, беслъэнейхэм гущІэгъу нэхъ яхуэщыпхъэу.

Тыркумрэ Кърымымрэ зэлымыгъэкІэ я хабзэхэр кьрагъэщтэну, езыхэр зэрыхуеІм хуэдэу яГъэпщылІыну, я.ІэпудыІну зэрыхэтар Кавказым их лъэпкъхэм, зэрыгурыІуэгъэщи, яГу текъуэнутэкъым. Арауэ кьыщІэкІынущ шэрджэсыпщхэм (кьъэбрдейхэри ихэту) я хабзэхэр ерыщу яхъумэжыну, езыхэм яфІэфІу Урысеём гухъэну яГу кьэзыгъэкІэр, а Іуэхум мыхьэнэщхэу зэрИГэр кьалъытэурэ, Мэхкуу гъэнэгъу зэрыхуэхъунымі щІегъуэр, щыІтелэжьар. Кьимыдзкіэ, кавказырыгъэхэм гурыхь ящыхъункІэ Іэмал зимыІэ хабзэ гъэрхэр яІэт тыркухэми тэтэрхэми.

Къэбгъэльагъуэмэ, бзырысхэм пщІэ лей хуащІыпт зи ныбжь хэкІутахэм, абыхэм я жьІэр тІу ящыгъэкъым, я унафэр нэхъыщІэкъым егугъуу зэдагъэщащэт. Тыркухэмрэ тэтэрхэмрэ яІэтэкъым апхуэдэ хабзэ. Кьеззэгъыу яныкъуэгъэныгъэр Кавказым исхэм я дежкІэ напэтехт, аужьам нэхърэ нэхьыкІэ т.

Шэрджэсэм (адыгэхэм) гущыкІыгъуэу кьаТыгъэрт тырку сультІанхэмрэ кърым хъанхэмрэ гарем инхэр зэраІэр, бзылъхугъэхэм пщІэ зэрыхуамыщІыр, хьэпшыпым хуэдэу, аХэр зэращэр, кьыззращэхуэр. Тырркухэмрэ тэтэрхэмрэ гаремхэр кьулеигъэщхуэм и нэщэнэу ябжьырт, бзылъпхъэгъэ куэд зэраІэм ирипагэрт, абы кьрикІуэну мыгъуагъэхэм емыгупсыс.

Фыз куэд зиІэ сультІанымэ е хъыбыр, зэрыгурыІуэгъэщи, щІэблэ Іэджэ яГъэтырт, бынхэр, кьыдэкІуэтейм-мэ, тепщэгъуэм хуэпабгъэрэ, я щыхуГъэр, нэмысыр, гущІэгъур яфІэкІуэду, зэныкъуэкъуэну, зэрыкІыжьу. ЛІыгъэр, хунтыныгъэр, нэмысыр зыгъэнэхъапэ бгыбрыхэм кьагурыІуэртэкъым сультІанхэмрэ хъанхэмрэ ямылейуэ щІэпхъашэр. цыхуэ цыкІум гущІэгъуншэу щІатегуплІэр, яфІэмыкІут пщылІэхэри лІыгъэншэу, я унафэщІэкъм еубзэу, сыт хуэдэ кьаІэнэхэри яГъэзащІэу зэрыпсэр.

Куэд дыдэ щапхъэу ящІэхьыфынущ сультІанхэмрэ хъанхэмрэ я гъащІэр, хьэлщэнхэр зыхуэдам теухуауэ.

КьыщыщІэдзэнщ 1359 гъэм. Орхьан сультІаныр ренейм щехыжа илъэсым. Абы и тахтэр нубыдым щхьэкІэ, и кьуэ Мурад Езанэм и кьуэшитІыр (Хьалилрэ ИБрэхьимрэ) иригъэжьат. 1389 гъэм, Мурад Езанэр зауэм кьыщаукІа нэужь, сультІан мэхъу абы и кьуэ Биязид Езанэр. Дауэ ар зэрыхуэзэфІэкІыр? И кьуэшыр, нэхъ Іушыр, зэфІэкІ зиІэу етхъэнэр, Пэжщ. Биязидри дзэпщ хьыжьэу кьыщІокІри, сербхэр кьеГъэлърыщІэ, Тырким кьыхуэпщылІыну, Тырким кьыхуэпщылІыну, ахэр ирехуІэ. Ауэ, гъэлъэп ІэрыщыхабзэщІ, илэжьа мыгъуагъэхэр кьыхуэГъуркъым. 1402 гъэм абы и дзэр кьыхегъащІэ Тимур (Тамерлан) щІакьуэ. Биязидыр гъэр ещІри, гъущІхьарым ису кьыздрипІэкІыу, псоми яригъэлъагъуу щІедзэ. Апхуэдэ бэлъыхьыр хуэмышэчу, щхьухь зрехьэлІэри, зегъаплІэ.

Тхыдэтхэм зэраІуатэмкІэ, Чингиз-Хъан и лІэужьхъэм ящыщ зыт Тимур щІакьуэр. Абы и гущІэгъуншагъэр гъуапкъэншэт. ЛІыгъэжьэ зауэхэр яригъэкІыурэ зэгриуКІаш щІыху мин Іэджэ Іэщіэкіуэдахэм я щхьэ хэр кьапиупщІурэ, Іуащхьэшхуэзу зэтриІъхьэурэ, кьыззринэкІащ Азие Курытыр, Иранырэ, Сириер, Кавказыр.

А дзэпщ щынагъуэм и хьэл-щэнкІэ ещхьт 1451 гъэм Тыркум тахьтэр щызыубыда Мехмед (Мухьэмэд) ЕтІуанэр. Абы и дежкІэ зыриКІт псалъэ итам епщыжьынкІ, игу иримыхьа и пщылІыр иукІынырэ, ныскъэкъуэгъу кьыхуэ хъункІэ зыщыщыынэхэр игъэлІэнкІ. Ари езым и дохутырым Іэщіэкіуэдащ, щхьэхъ кьрихьлІэрэ.

ЦыхугъэншагъэкІэ Тыркум и тхьідэм «цІэрыІуэ» щыхьуа сультІанхэм ящыщт Селим Езанэр. Абы и адэм тахтэр залымыгъэкІэ иригъэбгынащ, и кьуэшищри, и адэ кьуэшхэм я бынэ зыбгъупщІи иригъэукІащ, шинтхэу мин 45-рэ хуэдизи Іэщіэкіуэдащ.

1520 гъэм сультІан хьуа Сулеймэн ЕтІуанэр зыхуэдари Іуэтэгъуейщ. Абы езым итъаГъуу иригъэкІыжащ и кьуэ нэхъыжьитІыр, Селим ЕтІуанэм тепщэгъуэр нубыдынымкІэ зэран мыхъун щхьэкІэ.

Апхуэдэхэт - зэрыфыщІырт, зэрыуІкІырт, зэрытхьэтрт тырку сультІанхэмрэ абыхэм я ныкъуэкъуэгъуэмрэ, зэныхьныуэ щытми, кьэмыдзыхэу, зыми фІэмыныкІыу.

АХрат гъуаэу яІэр кърым хъанхэми, зрагъащхьу, яДэпльейуэрэ, ней Іэджэ зэрахьэрт.

Зи гугъу тщІа Сэхьиб-Джэрий, 1532-1551 гъэ хэм хъану щытам, кьыззриГъэщащт дзэзеІгъэм я дзэпщ кьуэгъу гуп, тырку яныгархэм ещхьу. Абы хэтт зауэ Іуэхум хуэІэзэ, гъэр кьащІа шэрджэсхэри.

Жаней пщыхэм я щыуагъэ

МЫБДЕЖЫМ, зы тІэкІукІэ дыззІэбэкІыжьынщи, щыгъуазэ фахуэтщІынщ тырку, кърым зауэлІэр Кавказым хьихьэным и пэкІэ ди щІыпІэм щекІуэкІа Іуэхугъэ хэм, еджагъэщхуэжм я тхыгъэхэр щІэгъэкъуэн кьэтщІуурэ.

Къэхутакіуэ цІэрыІуэ Пруссе Рене XIII лЭщыкІыгъэм тэтэрмонголхэм я зекІуэжм я гугъу ищІыжурэ, итхьыкыгъащ:

«Кавказ кьуэлъаджэхэм кьыдэжІыу тафэм кьыззрытехьэу, монгол-тэтэрыдзэхэм кьапэуващ бгырыпсльэпкъ зэмылІэужьыгъуэхэм (шэрджэсхэм, лезгинхэм, аланхэм, кьыпчакъхэм, нэгъуэщІхэми) я лІыкІуэхэр зыхэт зауэлІхэр. Ахэр кьаруущхэт. Ауэ монгол тІасхъэщІахэр кьыпчакъхэм яхьихьэри, жраІаш: дэ лъэпкъІІ дызэкъуэщщ. Щхьэ фахьыдщІэр мусльымэнхэмрэ чыристанхэмрэ? Ди гугъу кьэвмыщІи, кьуентхьыу къэтхьымкІэ дыдзгъуэшэнщ. Бгырысхэр, кьипчакъхэр щагуэкІыжьым, гуитІ щхьитІ къэхъуащ, дахэ-дахэри бий бзаджэм пэщІэтхьфакьым. Кьыпзуваэр хагъэщІа нэужь, монголхэр кьыпчакъхэмри ящысхьакъым, ахэри Іисраф зэтращІащ, кьыззрагъэгугъа къуентхъэри кьэІтьамыгъэсу».

Тимур щІакьуэм «игъэхъаХэм» я гугъу ищІурэ, нэгъуэщІ франджы еджагъэшхуэ Поль ру Жани и тхыгъэм кьыхсдгъэщынщ Дышэ Ордам зэгуэрым щатъэшхэр Бахчысарейм нахьэсауэ, кьыщагъэсэбэну зэрыщытар. Псалъэм папщІэ, тэтэрхэми тырку хэмэ хабзэ яхуэхъуат унафэщІкІэ зыщыгугъхэр нэхъ пасэу яубзыхуу, хуей хьумэ, тахьтэм ирагъэтІысхьэу.

Смирнов Василий зэритхыгъамкІэ, «тыркухэм зэрагъэпэщат Джэрий зыфІаща щыхуэхэр, чэзу-чэзукІэ Кырымым яГъакІуэурэ хъанымгъуэр Іэщіалъхьэу. Тыркумрэ Кърымымрэ хабзэ щыхъуат сультІаным и хъаным и Іыхьлыхэр, сабий дыдэу щытми, яубзрэжьу, яуІкІ».

Кьэбгъэльагъуэмэ, 1532 гъэм хъану яГъэуа Сэхьиб-Джэрий нэгъуейхэм кьахэкІа пщы Мансур Бакы-бей и Іэкіэ нукІыгъащ ныкъуэкъуэгъэу кьыхуэхьуну зыщІышынэ Ислъам-Джэрийр, нэхъ нужьыІуэкІэ Бакы-бейри нукІыжьыгащ. Зи адэм ильэ зыщІэжьну хэта нэгъуейм щІалэжэр зи пашэ, щыху мин 12 хьу дзэр зэтрикъутэри, зауэлІ хагъэщІалэжм я щхьэжэр Іуащхьэшхуэу зэ тригъэтхьэжьыгъащ.

1551 гъэм хъан Сэхьиб-Джэрийр и тахтэм тридзри, и унагъуэм щыщ псоми ящыгъуу, итхьэтэгъащ, и ныкъуэкъуэгъу нэхъыщхьэ Булыкъу-Джэрий, хъан хьуа нэужь, Долэт-Джэрий кьанукІыжьам.

ШІэныгъэлІэхэм кьызэрагъэпытэмкІэ, хъанхэм я тетыгъуэм и кІэухыр Іей хьурти, пасэу зыхуагъэхьэзыІуэ щІадзэрт игъуэу зэрызагъэпщІэуным, я биийхэм зэрагъэджьлар мыращ: хъаныкъуэр сыт и пльэныкъуэкІи дзэыыпІэри нэхъыбэу зыхэтари жанейхэмрэ беслъэнейхэмрэщ. Адрей щэрджэс лакъуэхэр Кырымым Іэщіэлъыну хуейтэкъым, ахэрат хъанхэр нэ хъ зыхуэпльэр, яубыдыну зыхущІэкІыр.

Шэрджэс хэм кьафІэІуэхущэртэкъым Кырымым щІэкІуэкІэхэр. Зыри кьикІауэ щытакъым Шагъын-Джэрий, шэрджэсхэр зыщІгъэІэпикьуэрэ, хъанхэм я кьэрагъыгъэщІэ кьыззригъэпэщыну зэрыхэтам.

Ауэ тырку сультІанхэм адыгэхэр яІэщІэтъ хуэдэу зэрауатэри пльабжьэншэт. Ухэмэн пащтыхыгъуэм и щытыкІэм фІы и пльэныкъуэкъэ зихьуэжьыртжьым: абы нэхъапэхэми хуэдэу, щытепщэт зэрыхьзэрийр, фыгъуэ-ижьр, къхъугъэ мыщхьэпэхэр.

1707 гъэм и гьатхэм Кьаз-Джэрий хъаным и пІэкІэ Кьаплъэн-Джэрий яГъэуващ. Абы гуЖьгъэжь ин яхуІэт адыгэхэм. Тыдзэх Клапрот Юлиус къыззрИуэтэжьмкІэ, мурад ищІат Кавказ Ищхьэрэр, икІэм-икІэжьым, залымыгъэкІэ зыІэщІиубыдэнуи, зимыгъэгъвэу, и дзэр игъэхьэзырри, гъэзэгъэнэ техьащ. Ауэ, зэримыгугъауэ, Къэбэрдеём и пльэр кьыщыщІаудащ, хэщыныгъэшхуэ игъэтауэ кьиГъэзэжащ.

Ирауд бэнэнкІэ зигъэнщІыркьым» жыхуаІэм еущхьу, кьыкІэпьыкІуэ ильэсми, тырку сультІаным нэхъри кьызэщІигъэпльауэ, гъуэгуанэ техьащ, дзэ абрагъэм и пащэу. Къэбэрдеём кьэщІегъэжьащ, зыщІэмыпльа дыдэр - адэ-мыдэкІэ кьыщебгъэрыкІуащ Іэщіэкіэ фІыуэ зэщІэуэзда, текІуэныгъэм хуэпабгъэ адыгэ зауэлІхэр. Зэхэуэ гуащІэр удыныщхуэ зыхьхуэхуа тэтэрхэр икІуэту хуежьащ. Ауэ щІэх дыдэу кьызэтеувыІэжащ, кьадзІэпыкъуну кьакІуэ дзэ гупыщІэ кьащхьэкьхъэм, Адыгэхэм, зэригъэушхуауэ, «Маржэ!» жаІэурэ, я бий бзаджэм кьебгъэрыкІуэрэ, хъаныдзэр хьбзэсабзу зэтракъутащ. Тхыдэтх языныкъуэхэм кьызэральытэмкІэ, тэтэрхэм ящыщу а зауэм щаукІащ цыху мин щэщІ. ПэтъуэщІхэм быдэу яукъуэдий - хъаным фІэкІуэдащ цыху мин щэм нэсІ

Кьаплъэн-Джэрий и гугъащ и зекІуэм фейдэхуэ кьыхуихьыну. Абы ину кьыдэпыкъуат Тыркурэ. Ауэ кьрым дзэпщыр, тырку тхыдэтх Фундукъту зэрыжиІэщащ, адыгэхэм яГъэпудат «зэи кьэмыхъуа убэрэжьыкІэкІэ».

А кьэ хьугъэр Смирнов Василий кьызэригъэльэгъуар мыпхуэдэущ: «Япэ щыкІэ кьэбэрдеипщ Кургубек (зи гугъу ищІыр ХьэтІо хъощокьуэ Кургъокьуэщ) хъаным и деж кьигъэкІуащ и лІыкІуэрэр, «Ди гугъу кьэвмыщІ, фызыхуей псори фхуэтщІэнщ», - жаІэурэ пльаІуэу. Зи кьарум щыгугъыж хъанымрэ, зыми едэІуэну хуэмейуэ, лІыкІуэхэм епсэнтащ дыджу, хьэльнышэу. Абы игъэгубжьа шэрджэсэр, бзаджагъэм хуеукІуэри, жэщыбгым кьатеуащ хъаныдзэм, я биийхэр зэтрауКІащ, языныкъуэхэр щІэпхъуэжащ».

КЪЭЗАКЪ Асльан,
тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат.

(КъыкІэлъыкІуэнущ).

Ираид бэнэнкІэ зигъэнщІыркъым

КЪРЫМ хъанэхэм, адыгэпщ язныныкъуэхэм мылейуэ къахущытми, нэгъуэщІхэр ягъэбийрт. Сыт щхьэкІэ? Гугъу дыдэт «зызымыгъэнщІ» хъанэхэр арэзы пщІыну. ЩІэуэ тращІэувэ хъанхэм адыгэжэр зэрепщылІэкІыр, тыгъэ лъапІейхэр зэрыхуащІыр яфІэмащІэу, щхьэусыгъэуэ гуэрэр кьагъэтурэр, хъаным и Іуэхуэ зыхуэхъуа Іуэхум хуэІэзэ, гъэр кьащІа шэрджэсхэри.

Тырку янычарэр болгархэм йобгъэрыкІуэ. *XVII лЭщыкІыгъуэ.*



Бахъшысэрей. Кърым хъанхэм я унэуардэ. Унэуардэм хэт мэжджытышхуэр. *XVII лЭщыкІыгъуэ.*

Кърым хъанымгъуэр, Шэрджэсыр, Уэсмэн пащтыхыгъуэр. *1700 гъэ. Картэр* ***Стайс Адриэ*** *и тхыпІым кьытхьакІащ.*

Тырку сультІан Мехмед ЕтІуанэр *(1432 - 1481 гъэ.)*

Кърым уэркъэр.
Сурэтыр ***Паллас П.-С.*** *и альбомым кьытхьакІащ.*

Адыгэхэр зауэм макІуэ. *Сурэтыр* ***Гагарин Григорий*** *(1810 - 1893 гъэ.) ищІащ.*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

ЕпщІанэ увыпІэм къокІуэтэх

●Футбол

«Рубин» (Къазан) - «Спартак-Налщык» (Налщык) - 3:0 (2:0). Къазан. «Центральный» стадион. Жэпэгъуэм и 4-м. Цыху минп 8 еплъщ.

Судьяхэр: Каюмов, Монахов, Цветнов (псори Мэзкуу щыщщ).

«Рубин»: Рыжиков, Ансалди, Томас, Орехов, Квирквелия (Попов, 67), Рязанцев, Семак, Нобоа, Ребров, Милошевич (Сибгата, 60), Бухаров (Адамов, 71).

«Спартак-Налщык»: Хомич, Ятченкэ, Джудович, Амисулашвили (Шумейкэ, 56), Кисенков, Самсонов, Бикмаев (Шярнас, 62), Мэшыкъуэ, Джатэрыв, Сирадзе (Фрунзе, 74), Калимулдин.

Топлэр дагъэкІащ: Бухаровым, 1 (1:0), Милошевич, 16 (2:0), Милошевич, 53 (3:0).

Дагъуэ хуащІащ Амисулашвили.

НЖЬАПЭМ зэи апхуэдэ ехъулІэныгьэ имыІаущ къраным и чемпион хъуну мы гъэм Іэмал кІыхьыкъуэкІа Къэзан и «Рубиным» щыдэджэгу жэпэгъуэм и 4-р «Спартак-Налщыкым» и гъуащхьэтет Хомич Дмитрий къыщалъхуа махуэм ирихьэлІащ. Абы и ныбжьыр ильэс 24-рэ ирикъурт. Апхуэдэхэм я дежи командэм кІыдыхэтхэр «кьалъхуагъащІэм» дежагъкІэфІкІэ екъуэхьу хабзэщ. АршхьэкІэ, «хьуэхьу» кІыхьыбгъэдэкІар къэзандэсхэрщ.

ЗэпщІэм щидза къудейуэ арат «Рубиным» и гъуащхьэу Бухаровым бжыгъэр къыз-ІуихыкІ Хомич топыр хъым къыщыригъэхьыжам. Абдежми къыщыуІакъым. Дакъикъэ пщыкІутху дэкІри, Урысей Федерацэм и премьер-лигэм кІыз эрыкІыгъэр иджыри къэс зэи кІыхьэмыжанакІа футболист цІэрыІуэ Милошевич «къыщиудащ».

Бжыгъэр апхуэдэу ГъэпщІэу 2:0 зэрыхъэ уам къыбгуригъаІуэрт мы зэІущІэм кърикІуэнкІэ хъунур. Абы щыхьэт техьэурт джэгум и ящІэ Іыхьэм кІыригьидзу налшыкдэсхэм зы Іэмал закъуэ фІэкІа эзрамыІар. Ари Самсоновым кІыхьуэгъэсэбэпакъым.

Загъэпсэхуу кІихьэжа иужькІэ «Спартак-Налшыкыр» нэхъ тегушхуар. АршхьэкІэ ди гъуащхьэтетхэм аргуэру яІэщІэкІа щыуагъэм и эранкІэ Милошевич и етІуанэ топыр дригъэгъэкІри, бжыгъэр 3:0-м нигъэсащ. АдэкІэ ущІэджэгужьм щыІэтэкъым.

«Рубиным» Іэ ЗЗУ щІэр и кІэм нигъэсащ икІи кІыкІэлыеІэхэр гъуэгуэгу зыхуигъэхуакъым. Дыдейхэр епщІанэ увыпІэм къекІуэтэхащ.

Тэтэрстаным и командэр жьыжь имыутІыпщыну хущІокІу ЦСКА-р. Химки кьалэм щыІэу ар хэгъэрейхэм 2:1-уэ ятекІуащ. И очко бжыгъэм хигъэхуащ «Сатурным»апхуэдэу дыдэу ефІэкІа Мэзкуу и «Динамоми».

«Зенитыр» «Луч-Энергием» зыкІи щысъакъым - мыгъэрей зэхьэзэхуэм и бжыгъэ нэхъ ин дыдэкІэ -8:1-уэ - ар Санкт-Петербург щІегъащ.

Аргуэрыкъэти, и очко бжыгъэм хигъэхуэфакъым «Шинникым». «Москвар» 2:1-уэ кьытекІуа и ужькІэ, и кьулыкъым зэрытекІар щыІэ. Іуащ ярославлдэсхэм я тренер нэхъыщхьэ Павловым.

Адэжь щыгъуазэ фахуэтшынщ премьер-лигэм хэт адрей командэхэр щэбэтымэ-гъ тхьэмахуэмрэ зэрызэдзэджэгуам кьарикІуэ бжыгъэхэм: «Томь» (Томск) - «Локомотив» (Мэзкуу) - 0:1, «Спартак» (Мэзкуу) - «Крылья Советов» (Самарэ) -0:1, «Амкар» (Пермь) - «Тэрч» (Грозн) - 0:0.

Премьер-лигэм кьыкІэлыкІуэ джэгугъуэр щекІуэкІынур жэпэгъуэм и 18-рщ. А махуэм «Спартак-Налшыкым» кьриригъэблэгъэнущ «Зенитыр». Ипэ кьежьэкІыгъуэм ди щІалэхэр Санкт-Петербург щыІэу 4:3-уэ текІуащ.

ЖЬЫЛАСЭ Заур.

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

ЛъэпкъбиблиотекэмкІэ и унафэщІ **Чэлимэт Хьэбас** зэІущІэр къызэІуиха икІи хъэщІэхэм фІэкъыс гуапэкІэ зэхунгъэза нэуфкъ, псалъэ иритащ КъБР-м и лІыкІуэу Санкт-Петербург къалэм щыІэ, Шемякин и цІэр зезыхъэ Фондым и унафэщІ **Зорин Георгий**. Тхьытыр дунейм къызэрытехьа щыкІэм щытепсэльыхьым, абы къыхигъэщащ зи гуащІэдэкІыр дунейпсом къыщащІэ Шемякин Къардэн Михаил теухуауэ урысибзэкІэ щыдэкІа яп тхьыту зи гугъу ящІыр зэрыщытыр.

- Тхьытыр гъэльагъуэ лей хуэныкъуэхъым, - жиІащ Зорриным. - Абы и цІэр езым зыфІищыжащи, тельхьэпІэхэм сабалъэ щыхъуэнм зэращымыщыр гурыІуэгъуэщ. Тхьытым къыщыгъэльэгъуэ Іуэхугъуэхэр гъэщІэгъуэнщ, Іьэныкъуэ куэдкІэ унэтІащ, арэзы узыдэмыхьуни уи епІытыкІэкІэ букъуэдий хъун гупсыси мымащІэу хэлъщ. Нэхъыщхьэращи, сурэтыщІ цІэрыІуэм и псэкъисэм нэІуасэ ухуэхъу къудейуэ къэмынэжу, и кум хжегъапІэ, и фІыпІэхэри и гуэрыгъэхэри уегъэльагъу.

Санкт-Петербург щыщІэрыІуэ тхакІуэ икІи сурэтыщІ Петряков Александр и ІэдакъэщІэкІым щхьэхуэу укъытеувыІэмэ, кьыхэсэщынхьэщ сурэтыщІым кьикІуэ гъащІэ гъэугуанэ мытІыщым теухуа тхьІгъэ кьудейуэ аз зэрыщымытыр, утыкуэкІуэ хъуа хъыбархэри иджыри къэс зыри зыщымыгъэзэхэри абы щыхьэхуакъым зэрымызакъуэр. Тхьытым итщ нэхъыбэр зэ ІупльэгъуэкІэ щхтхьэкъу, языныкъуэ куэдми кьагурымыІуэ Шемякин и творчествэм теухуа аналитикэ тхыгъэхэри. ТхьІыр къызэІущІэ щІэджыкІакІуэм Іэмал иІэщ Шемякиныр дэзыхьхъэми и гум ємыкъуэхэми нэІуасэ зыхъуищІыну.

Авторым кьытхуэзІуэх сурэтыщІым иригъэкІуэкІ псэкупсэ бэнэныгъэр зыхуэзунэтІар, дыщегъэгъуазэ Михаил и Іэдакъэ кьыщІэкІащ Санкт-Петербург, Москвэ, Лондон, Нью-Йорк, Венеци-ем нэгъуэщІ кьалэхэми дэт фэеплъ скульптурэхэр дунейм кьыз-эрытехьа щыкІэхэм. «Шемякин. Зазеркалье мастера» тхьитыр щІэзыдзыкІа-кІуэм дежкІэ гъэщІэгъуэн икІи льапІэ зыщыщ щыщІ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыкъуэхэм ехьэлІауэ сурэтыщІым иІэ епльыкІэхэр абы кьыз-рыщыгъэльэгъуар, Шемякиным и гъащІэ тепльэгъуэр, и ныбжьыгъуэмрэ цІыхугъэ-хэм ехьэлІауэ сурэтыщІым иІэ епльыкІэхэр абы кьызрыщыгъэльэгъуар, Шемякиным и гъащІэ тепльэгъуэр, и ныбжьыгъуэмрэ цІыхугъэхэм я гъуэгу кьыз-эрытехьа щыкІэм фІэкъыс гуапэкІэ зэхунгъэза нэуфкъ, псалъэ иритащ КъБР-м и лІыкІуэу Санкт-Петербург къалэм щыІэ, Шемякин и цІэр зезыхъэ Фондым и унафэщІ **Зорин Георгий**. Тхьытыр дунейм кьызэрытехьа щыкІэм щытепсэльыхьым, абы кьыхигъэщащ зи гуащІэдэкІыр дунейпсом кьыщащІэ Шемякин Къардэн Михаил теухуауэ урысибзэкІэ щыдэкІа яп тхьыту зи гугъу ящІыр зэрыщытыр.

- Тхьытыр гъэльагъуэ лей хуэныкъуэхъым, - жиІащ Зорриным. - Абы и цІэр езым зыфІищыжащи, тельхьэпІэхэм сабалъэ щыхъуэнм зэращымыщыр гурыІуэгъуэщ. Тхьытым кьыщыгъэльэгъуэ Іуэхугъуэхэр гъэщІэгъуэнщ, Іьэныкъуэ куэдкІэ унэтІащ, арэзы узыдэмыхьуни уи епІытыкІэкІэ букъуэдий хъун гупсыси мымащІэу хэлъщ. Нэхъыщхьэращи, сурэтыщІ цІэрыІуэм и псэкъисэм нэІуасэ ухуэхъу къудейуэ къэмынэжу, и кум хжегъапІэ, и фІыпІэхэри и гуэрыгъэхэри уегъэльагъу.

Санкт-Петербург щыщІэрыІуэ тхакІуэ икІи сурэтыщІ Петряков Александр и ІэдакъэщІэкІым щхьэхуэу укъытеувыІэмэ, кьыхэсэщынхьэщ сурэтыщІым кьикІуэ гъащІэ гъэугуанэ мытІыщым теухуа тхьІгъэ кьудейуэ аз зэрыщымытыр, утыкуэкІуэ хъуа хъыбархэри иджыри къэс зыри зыщымыгъэзэхэри абы щыхьэхуакъым зэрымызакъуэр. Тхьытым итщ нэхъыбэр зэ ІупльэгъуэкІэ щхтхьэкъу, языныкъуэ куэдми кьагурымыІуэ Шемякин и творчествэм теухуа аналитикэ тхыгъэхэри. ТхьІыр къызэІущІэ щІэджыкІакІуэм Іэмал иІэщ Шемякиныр дэзыхьхъэми и гум ємыкъуэхэми нэІуасэ зыхъуищІыну.

Авторым кьытхуэзІуэх сурэтыщІым иригъэкІуэкІ псэкупсэ бэнэныгъэр зыхуэзунэтІар, дыщегъэгъуазэ Михаил и Іэдакъэ кьыщІэкІащ Санкт-Петербург, Москвэ, Лондон, Нью-Йорк, Венеци-ем нэгъуэщІ кьалэхэми дэт фэеплъ скульптурэхэр дунейм кьызэрытехьа щыкІэхэм. «Шемякин. Зазеркалье мастера» тхьитыр щІэзыдзыкІакІуэм дежкІэ гъэщІэгъуэн икІи льапІэ зыщыщ щыщІ Іуэхугъуэ зэмылІэужьыкъуэхэм ехьэлІауэ сурэтыщІым иІэ епльыкІэхэр абы кьызрыщыгъэльэгъуар, Шемякиным и гъащІэ тепльэгъуэр, и ныбжьыгъуэмрэ цІыхугъ